


# ETIKALIQ SHINJIR: SIR SAQLAW ( JASIRINLILIQ ) HUQIQLARIN TÁMIYNLEW JINAYAT JÚZ BERGEN ORINDI NÁTIYJELI TEKSERIW

**Jienbaeva Salima Asqar qızı**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti “ Jınayat nızamshılıǵın qollaw teoriyası hám ámeliyatı ” qániygeligi 1-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.10934636

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 2-aprel 2024 yil
Ma’qullandi: 3-aprel 2024 yil
Nashr qilindi: 5 -aprel 2024 yil

**KEY WORDS**

*hádiyse júz bergen orındı tekseriw, sır saqlaw huqıqı, shaxsıy qol qatılmaslıq, dáliller, analiz, texnologiyalıq basım, tergewge shekemgi tekseriw, etikalıq qaǵıydalar, ayıplanıwshı shaxs, tergewshi yáki sorastırıwshı shaxsı*

**ABSTRACT**

*Jınayat júz bergen orınlardı saqlaw hám kózden ótkeriw ádillik sisteması tarawında úlken áhmiyetke iye.Sebebi, ol dálillerdi toplaw hám jınayat isleri boyınsha gúmanlanıwshılardı anıqlawda sheshiwshi rol oynaydı. Jınayat júz bergen orındı kózden ótkeriw jınayat islengen orınında bolǵan waqıyalardı qayta tiklew hám potencial gúmanlanıwshılardı anıqlaw ushın zatlay dálillerdi sistemalı ráwishte toplaw, saqlaw hám analiz qılıwdı óz ishine aladı . Biraq, pán hám texnologiya rawajlanıwı, tergew usıllarınıń rawajlanıwı menen hádiyse orının nátiyjeli tekseriw hám shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqları ortasındaǵı shegara barǵan sayın anıqsızlanıp barmaqta.Usı shegaranıń teńsalmaqlılıǵın saqlaw boyınsha birqansha qarama-qarsı pikirler de bar bolıp,biz qaysı pikirlerdi durıs dep qabıllawımız múmkin ekenligin tómende kórip shıǵamız.*

**Kirisiw .** Hádiyse bolǵan orındı kózden ótkeriw jınayıy sud sistemasında sheshiwshi rol oynaydı,sebebi ol jınayatlardı ashıw ushın dáliller toplaw hám analiz qılıwdı óz ishine aladı.[1]

Sońǵı jıllarda jınayat bolǵan orınlardı kózden ótkeriw ushın tergewshilerdi durıs tayarlaw hám oqıtıw áhmiyetliligine, tergewde texnologiyanıń ornı, standartlastırılǵan protokollar hám proceduralarǵa bolǵan zárúrlik tergewdiń, tergewdiń qıyınshılıqları hám sheklewleri, sonday-aq etikalıq táreplerge itibar kúsheyip barmaqta. Bul faktorlar hádiyse ornın tekseriwdiń tuwrılıǵı hám isenimliligin támiynlew ushın júdá áhmiyetli.

Hádiyse ornın kózden ótkeriw hám tekseriwde etikalıq pikirlerdi hám qaǵıydalardı itibarsız qaldırıp bolmaydı. Tergewshiler tergewde qatnasıp atırǵan shaxslardıń huqıqların qorǵaw ushın dálillerdi toplaw hám analiz qılıwda etikalıq normalarǵa ámel etiwleri kerek.

[1] A. Norboyev “ Hodisa joyini kózdan kechirish ” Uslubiy qóllanma. - T. TDYI nashriyoti.2011. 25 bet

Tekseriwler, kózden ótkeriwler etikaǵa sáykes hám oǵada juwapkershilikli tárizde ótkiziliwin támiylew ushın sır saqlaw huqıqları, texnologiyalardan paydalanıw hám shaxslarǵa múmkin bolǵan tásirdi dıqqat penen kórip shıǵıw kerek.

Házirgi texnologiya dáwirinde jasap atırǵanımızdan kelip shıǵıp,DNK analizi, geolokaciyanı gúzetiw, gúzetiw kameralarınan paydalanıw sıyaqlı eń sońǵı rawajlanǵan úskene hàm qurallardıń engizilgenligi huqıqtı qorǵawshı organlardıń hádiyse ornın kózden ótkeriw hám jınayatlardı ashıw imkániyatların sezilerli dárejede asırdı. Biraq, bul usıllar keń tarqalǵanlıǵı sebepli sır saqlaw ( jasırınlılıq ) dıń múmkin bolǵan buzılıwları hám etikalıq aqıbetlerge tiyisli qáweterler birinshi orınǵa shıqtı.

## JINAYAT JÚZ BERGEN ORINDI KÓZDEN ÓTKERIW NÀTIYJELILIGIN ASIRIW MENEN BIRGE SHAXSIY ÓMIR HUQIQLARIN QORĞAW – NÁZIK TEŃSALMAQLILIQTI SAQLAW SIYAQLI.

*Jasırınlılıq (sır saqlaw ) huqıqları hám texnologiyalıq basım.*

Jınayat júz bergen orındı kózden ótkeriwdegi tiykarǵı etikalıq dilemmalardan biri júzdi tanıp alıw hám biometriyalıq maǵlıwmatlar sıyaqlı rawajlanǵan gúzetiw texnologiyalarınan paydalanıw menen baylanıslı usı qurallar yamasa úskeneler gúmanlanıwshılardı anıqlawda járdem beriwi múmkin bolsa da, olar òzine tàn quramalı mashqalalardı keltirip shıǵarıwı itimaldan tıs emes. Maǵlıwmatlardıń biyǵárez toplanıwı hàm olardıń tárizde biyitibar, arqayınlılıq penen paydalanıw, puqaralar ( shaxslar ) erkinliklerine qáwip tuwdıradı, buǵan huqıqtı qorǵaw mekemeleri tàrepinen júzdi tanıp alıw boyınsha dawam etip atırǵan màseleler mısal bola aladı. Sol qatarda, Sud medicina pánleri hám hádiyse ornın kózden keshiriw tarawındaǵı abroylı shaxs, alım hàm oqıtıwshı, Doktor Barry A.J Fisher hàm sud-psixologiya hám jınayıy tergew boyınsha qàniyge Doktor Pol K.Metrikler óz kóz qarasların aytıp ótken. Doktor Fisher sud medicinası hám hádiyse ornın kózden keshiriwde etikalıq qaǵıydalarǵa qatań ámel qılıw kerek degen pikirlewshiler tárepdarı bolǵan. Ol hádiyse ornın kózden keshiriwde shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqların húrmet qılıw kerekligin, tergewshilerdiń nızamlı jollamalar hám etikalıq nızam-qaǵıydalar sheńberinde iskerlik alıp barıwı, zamanagóy texnologiyalardı qollaw arqalı dálillerdi toplaw dáwirinde, bul usıllar shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqların qorǵaw menen sáykes keliwin támiynlewi zárúrligin aytıp ótedi. Sonday-aq Doktor Fisherdiń " Tergew zárúrliklerin puqaralıq erkinliklerin saqlaw menen teńsalmaqlılastırıwda ózine say bolǵan etikalıq quramalılıqtı túsiniw - bul názik jandasıwdı talap etedi [2]" degen pikirlerin qosımsha aytıp ótsek boladı.

Hádiyse júz bergen orınnan dálillerdi toplaw kóbinese shaxsıy ómirge qol qatadı, ásirese shaxsıy múlk yáki shaxsıy nárseler menen baylanıslı hallarda tergewshilerge dálil izlewde shaxstıń shaxsıy qol qatılmaslıǵın buzıwǵa qanday dárejede ruqsat beriw kerek degen sorawlar da tuwıladı. Máselen, jasırın gúzetiwden paydalanıw yáki shaxsiy qurılmalardan sanlı maǵlıwmatlardı alıw etikalıq dálillerdi toplaw shegaraların gúman astına qoyadı. Usı jaǵdaylar

[2] Dr. Barry. A.J. Fisher " Techniques of Crime Scene Investigation "Eighth edition. 496 pages. January 2012.Publisher: Taylor and Fransic

boyınsha " Jasırınlılıq hám puqaralıq erkinliklerin baqlaw keńesi ( PCLOB - Privacy and Civil Liberties Oversight Board )" jasırınlılıq huqıqlarına itibar qaratıw ushın usı agentlik gúzetiw hám maǵlıwmatlar jıynawdıń etikalıq aqıbetlerin dodalawshı esabat hám materialların usınadı.

Sud medicina pánleri hám hádiyse ornın kózden keshiriw boyınsha tanıqlı isker Doktor Genry C.Leediń joqarıda atap ótilgen màselelerge óziniń miynetlerinde atap ótken kóz qaraslarına itibar qaratatuǵın bolsaq, Doktor Lee dálillerdi toplaw usıllarına qatań tárizde itibar qaratqan halda tergew ótkiziw tergew zárúrlikleri hám shaxsıy ómir huqıqların qorǵaw ortasındaǵı turaqlılıqtı támiynlew zárúrligin óz aldına atap ótip, sol qatarda ol zamanagóy texnologiyalıq qurallar, sonday-aq, gúzetiw usılları hám sud medicinası analizi texnikası jasırınlılıq huqıqları menen qanday kesilisiwi hám tergewshiler usı qurallardan paydalanıwda alıwları kerek bolǵan etikalıq normalardı tereń túsiniw boyınsha úgit - násiyat islerin alıp barǵan. Ol – " Etikalıq dáliller toplaw usıllarına qatań itibar qaratqan halda tergew ótkeriw, tergew zárúrlikleri hám shaxsıy ómir huqıqları, sol qatarda sır saqlaw huqıqların qorǵaw ortasındaǵı názik teńsalmaqlılıqtı támiynlew oǵada áhmiyetli[3] "- dep atap ótedi.

Basqa bir tárepten shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqlarına ústinlik beriw hádiyse bolǵan ornın kózden keshiriw nátiyjeliligine tosqınlıq qılıwı hám jınayatshılardıń ádalattan qashıwına imkán beriwi múmkinligin atap ótetuǵın shaxslar hám toparlar da bar bolıp, olar tómendegiler[4]:

1. Ayırım huqıqtı qorǵaw organları: Ayırım mámleketlerdiń huqıq - tártip mekemeleri Jasırınlılıqtı (sır saqlaw) qorǵaw, máselen izlewge ruqsat beriw zárúriyatı yáki gúzetiw usılların sheklew olardıń áhmiyetli dálillerdi óz waqtında toplaw uqıplılıǵına tosqınlıq qılıwı múmkinligin kórsetedi. Olardıń túsindiriwinshe, shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqların birinshi orınǵa qoyıw arqalı huqıqtı qorǵaw organları jınayatshılardı qolǵa alıw yamasa jınayıy juwapkershilikten qashıw imkániyatın beretuǵın tosıqlarǵa dus keledi.
2. Prokurorlar: Ayırım prokurorlar kóbinese shaxsıy qol qatılmaslıqqa tiyisli qatań qaǵıydalar sudta alınıwı hám isletiliwi múmkin bolǵan dáliller túrlerin sheklewi múmkinligin aytadı. Olardın túsindiriwinshe, shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqlarına kóbirek itibar qaratıw jınayatshılardı húkim qılıwda járdem beretuǵın áhmiyetli maǵlıwmatlarǵa kiriwine tosqınlıq qılıwı múmkin. Yaǵniy, bul ayıpdar shaxslardıń azat etiliwine alıp keledi hám sol menen ádillikke erisiwge tosqınlıq qıladı degen pikirlerdi aytadı.
3. Ayırım nızam shıǵarıwshı hám sıyasatshılar: Bazı bir nızam shıǵarıwshılar hám sıyasatshılar jasırınlılıqqa tiyisli qatań nızamlar hám qaǵıydalar awır jınayatlardı tergew qılıwǵa tosqınlıq qılıw múmkinliginen qáweterlerin bildiredi. Olardıń atap ótiwinshe, jasırınlılıqtı ( sır saqlaw ) hádden tıs qorǵaw huqıqtı qorǵaw organlarınıń gúmanlanıwshılardı gúzetiw, dáliller toplaw hám jınayıy iskerliktiń aldın alıw qábiliyetine tosqınlıq qılıwı múmkin.
4. Jábirleniwshilerdi qorǵaw toparları: Ayırım jábirleniwshilerdi qorǵaw toparları shaxsıy qol qatılmaslıqtıń kúshli qorǵalıwı qanday da bir waqıtları qurbanlar hám olardıń shańaraqları ushın ádalatqa erisiwdi qıyınlastırıwı múmkinligin aytıp ótedi. Olar

[3] Marilyn T. Miller; Timothy M. Palmback; Henry C. Lee " Henry Lee's Crime Scene Handbook " 431 pages. 2001 Training Academic Press, Inc 525 B. Street.

[4] Jay A. Siegel. Kathy Mirakovits " Forensic sciense the basics " Third edition 610 page December 1, 2015, CRC Press

jasırınlılıq ( sır saqlaw ) haqqındağı nızamlar dawam etip atırǵan tergew menen baylanıslı ayırım maǵlıwmatlardıń járiyalanıwın sheklep qoyǵan hám jámiyetshiliktiń huqıqtı qorǵaw organlarına tiyisli másláhatları yáki dálillerdi usınıwına tosqınlıq qılatuǵın jaǵdaylardı keltirip ótedi.

Joqarıdağı pikir bildiriwshilerge qosılǵan shaxslardıń biri tanıqlı shaxslardan biri FQBnıń burıngı direktorı Jeyms Komi – " Shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqları menen baylanıslı tosıqlar huqıq - tártipti saqlaw organlarınıń, ásirese, milliy qáwipsizlik, terrorizm hám awır jınayıy huqıqbuzarlıqlar menen baylanıslı bolǵan jınayatlardı nátiyjeli tergew qılıwı hám aldın alıwǵa tosqınlıq qıladı [5] " dep aytıp ótedi.

Sonı aytıp ótiw kerek, bazı bir shaxslar ayırım jaǵdaylarda shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqlarına ústinlik beriwge qarsı bolsa da,basqalar shaxsıy qol qatılmaslıqtı húrmet qılıw puqaralıq erkinliklerin qorǵaw hám hákimiyattı ayaq astı qılıwdan qorǵaw ushın júda áhmiyetli ekenligin atap ótedi. Jasırınlılıq hám jınayattı nátiyjeli tergew qılıw ortasındağı teńsalmaqlılıq túrli huqıqıy hám sıyasıy kontekstlerde dawam etip atırǵan dilemmalardıń biri[6].

Joqarıdağı qarama-qarsı pikir wákilleriniń táshwishleri bir tárepten durısqa jaqın bolǵanlıǵı menen, shaxsıy qol qatılmaslıqtı húrmet qılıw ádalattı buzıw menen teń emesligin tán alıw júdá áhmiyetli esaplanadı.Nátiyjeli tergew hám etikalıq is-háreketler ortasındağı turaqlılıqtı saqlaw hám múmkin, hám kerek.

Joqarıda atap ótilgen pikirler tek ǵana teoriyalıq emes ; olar shaxslar hám jámaátlarǵa sezilerli tásir kórsetedi. Nızamsız ayıplawlarǵa yáki jámaátshiliktiń huqıqtı qorǵawshı organlarǵa isenimin joǵaltıwına alıp keletuǵın shaxsıy qol qatılmaslıqtıń buzılıwı jaǵdayları hádiyse ornın kózden keshiriwde shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqlarına itibar bermewdiń haqıyqıy aqıbetlerin kórsetedi.

Jınayat ornın tekseriw tárbiyalıq, huqıqıy hám tergew imperativleriniń quramalı óz ara tásirinde isleydi hám bul tarawda jasırınlılıq ( sır saqlaw ) nızamınıń integraciyası etikalıq sud-medicina ámeliyatınıń tiykarı. Hádiyse ornın kózden keshiriwde shaxsıy qol qatılmaslıq haqqındağı nızam tek ǵana sheklew, bálkim mánawiy hám huqıqıy shárt bolıp, ádalattı támiynlewde tiykarǵı huqıqlar hám puqaralar erkinlikleriniń kepilligin támiynleydi.[7]

Jasırınlılıq ( sırlılıq ) haqqındağı nızam sud medicina qániygelerine shaxsıy huqıqlardı húrmet qılǵan halda, nızamlı shegaralar sheńberinde dáliller toplawdıń etikalıq juwapkershiligin atap ótip, puxta tergew ótkiziw imkániyatın beredi. Usı integraciya tergew processiniń tınıqlıǵı, esapdarlıǵı hám shaxsıy erkinliklerge húrmet kórsetiliwin támiynleydi. Hádiyse ornın kózden keshiriwdi shaxsıy qol qatılmaslıq nızamı menen birlestirilse, simbiotik qatnasıqlar júzege

[5] M.D. Leyman " Criminal investigation The Art and the Science " Second edition 592 pages.1999
[6] Tillaev. T. N. Jinoyat protsessida fuqaroviy da'voni ta'minlash masalalari. Óquv - amaliy qóllanma / T. Tillaev; mas'ul muharrir yu.f.d. F. Muxitdinov; Ózbekiston Respublikasi Adliya vazirligi , TDYU -T.: " Noshir "nashriyoti. 2013.-112bet
[7] Henry C. Lee, Howard A. Harris " Physical evidence in Forensic Science " Third edition. 320 pages. October 7. 2011. Lawyer & Judges Pub Co

keledi, bul tergew ámeliyatınıń etikalıq tiykarların da, puqaralar erkinliklerin qorǵawdı da bekkemleydi.[8]

Hádiyse ornın kózden keshiriw hám shaxsıy qol qatılmaslıq nızamınıń birligi sud-medicina pániniń etikalıq principlerin dinamikalıq ráwishte qáliplestiredi, etikalıq minez-xulq, nızamǵa ámel qılıw hám shaxsıy huqıqlardı saqlaw májbúriyatların túsindiredi. Bunday birlespesiz, sud medicina tekseriwleri ózleri qollap quwatlawdı máqset qılǵan ádalat principlerin buzıw qáwipin tuwdıradı hám huqıqıy juwapkershilik sheńberinde tergew proceslerin tiykarlawda jasırınlılıq nızamınıń sheshiwshi rolinen derek beredi.

Jınayat ornın tekseriw hám shaxsıy qol qatılmaslıq nızamı tergew hám shaxsıy huqıqlardı qorǵaw imperativleri kesilisetuǵın áhmiyetli noqatta birlesedi. Hádiyse ornın kózden keshiriw sheńberinde shaxsıy qol qatılmaslıq haqqındaǵı nızamdı qabıl qılıw tek ǵana tártipke salıwshı talap emes; ol haqıyqat hám ádalatqa umtılıwda shaxsıy erkinliklerdi húrmet qılıw ushın etikalıq májbúriyattı ózinde sáwlelendiredi. Usı birlik sud-medicina ámeliyatınıń etikalıq tiykarların bekkemleydi, dálillerdi toplaw hám tergew procesleri huqıqıy hám etikalıq shegaralar sheńberinde ámelge asırılıwın támiynleydi. Ol áshkaralıq, juwapkershilik hám dálillerdiń bir pútinligin saqlawǵa sadıqlıqtı atap kórsetip, shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqların húrmey qılıwda qatal hám kishi detallarına shekem tereńnen jandasıwdı názerde tutadı. Jasırınlılıq haqqındaǵı nızamnıń hádiyse ornın kózden keshiriwge tereń integraciyalasıwı sud-medicina iskerligine say bolǵan etikalıq hám huqıqıy juwapkershilikti tereń túsindiriwdi atap ótedi, tergewdi anıqlıq, hadallıq hám shaxslardıń tiykarǵı huqıqlarına maksimal dárejede húrmet penen alıp barıw májbúriyatın kórsetedi. Usı birlespe etikalıq hám huqıqıy juwapkershilik shegaralarına tiykarlanǵan ádalat principlerin qollap-quwatlawdıń etikalıq imperativinen derek beredi.[9]

## JUWMAQLAW

Juwmaqlap aytqanda, hádiyse ornın kózden keshiriwdiń etikalıq ustamı ádalattı hám shaxsıy qol qatılmaslıqtı qollap-quwatlaytuǵın názik jandasıwdı talap qıladı. Usı názik teńsalmaqlılıqtı basqarıw arqalı huqıqtı qorǵaw organları puqaralar erkinliklerin ayaq astı qılmastan haqıyqattı nátiyjeli izlewleri múmkin.

Hádiyse bolǵan ornın kózden keshiriwdiń etikalıq názikliklerin tán alıw hám aktiv sheshiw jınayıy ádillik sistemasında isenim, nızamlılıq hám ádalattı bekkemlew ushın úlken áhmiyetke iye.

Hádiyse bolǵan ornın kózden keshiriw hám tekseriwde shaxsıy qol qatılmaslıq huqıqları, sonıń ishinde, sır saqlaw huqıqlarına itibar bermew, nızamsız ayıplawlarǵa yáki jámaátshiliktiń huqıqtı qorǵaw organlarına isenimin joǵaltıwına alıp keliwshi, huqıq qorǵaw organlarınıń shaxs, jámiyet, mámleket huqıqların qorǵaw jolında nátiyjelii iskerlik júritiwlerine gúman oyatıwshı haqıyqıy aqıbetlerge alıp keledi.

[8] Astanov. I. R Sud - huquq islohotlari zamirida ekspertiza institutini takomillashtirishning jinoyat - protsessual va kriminalistik jihatlari. Monografiya. // Mas'ul muharrir: yu.f.d G.Z.Tólaganova. - T.: TDYI, 2015. 150 bet.

[9] Tulaganova G. Z., Abdullaev F. S. Jinoyat protsessi ishtirokchilarining xavfsizligini ta'minlash. - T.: TDYU nashriyoti, 2018 yil. 72 bet.

Hádiyse bolǵan ornın kózden keshiriwde shaxsıy qol qatılmaslıq haqqındaǵı nızam talapları tek ǵana sheklew emes, bálkim, mánáwiy hám huqıqıy shárt bolıp, ádalattı támiynlewde tiykarǵı huqıqlar hám puqaralar erkinliklerin qorǵaydı. Ele da anıqlastırıp túsindiretuǵın bolsam, jasırınlılıq huqıqı shaxsqa baylanıslı sır saqlaw máseleleri tek sheklewshi faktorlar bolıp emes, olar hádiyse bolǵan ornın kózden keshiriwdiń etikalıq dúzilisin bayıtadı, tergewshilerdi quramalılıqlarda húrmet anıqlıq hám puqaralıq huqıqların saqlawǵa sadıqlıq penen ámel etiwge májbúr qıladı.

Sır saqlaw haqqındaǵı nızamshılıq jınayat júz bergen orındı tekseriwdiń ajıralmas tiykarı bolıp xizmet qıladı, sonday-aq, nátiyjeli tergewlerdi ańsatlastıradı. Juwmaqlastırıp aytatuǵın bolsam, hádiyse bolǵan ornın kózden keshiriw hám shaxsıy qol qatılmaslıq simbiozı názik teńsalmaqlılıq belgisi esaplanadı.

## Tiykarǵı ádebiyatlar:

1. Astanov. I. R Sud - huquq islohotlari zamirida ekspertiza institutini takomillashtirishning jinoyat - protsessual va kriminalistik jihatlari. Monografiya. // Mas'ul muharrir: yu.f.d G.Z.Tólaganova. - T.: TDYI, 2015. 150 bet.
2. A. Norboyev “ Hodisa joyini kózdan kechirish ” Uslubiy qóllanma. - T. TDYI nashriyoti.2011. 25 bet
3. Jinoyat-protsessual huquqi. Darslik. Mualliflar jamoasi // - T.: TDYU nashriyoti, 2021. - 248 bet
4. Tillaev. T. N. Jinoyat protsessida fuqaroviy da'voni ta'minlash masalalari. Óquv - amaliy qóllanma / T. Tillaev; mas'ul muharrir yu.f.d. F. Muxitdinov; Ózbekiston Respublikasi Adliya vazirligi , TDYU -T.: “ Noshir ”nashriyoti. 2013.- 112bet
5. Tulaganova G. Z., Abdullaev F. S. Jinoyat protsessi ishtirokchilarining xavfsizligini ta'minlash. - T.: TDYU nashriyoti, 2018 yil. 72 bet.

## Sırt el ádebiyatları

1. Dr. Barry. A.J. Fisher “ Techniques of Crime Scene Investigation ”Eighth edition. 496 pages. January 2012.Publisher: Taylor and Fransic
2. Henry C. Lee, Howard A. Harris “ Physical evidence in Forensic Science ” Third edition. 320 pages. October 7. 2011. Lawyer & Judges Pub Co
3. Jay A. Siegel. Kathy Mirakovits “ Forensic sciense the basics ” Third edition 610 page December 1, 2015, CRC Press
4. Marilyn T. Miller; Timothy M. Palmback; Henry C. Lee “ Henry Lee's Crime Scene Handbook ” 431 pages. 2001 Training Academic Press, Inc 525 B. Street.
5. M.D. Leyman “ Criminal investigation The Art and the Science ” Second edition 592 pages.1999